

AVI ENPÒTAN

KONSÈNAN KOUVÈTI NJ FAMILYCARE / MEDICAID OU A

Lwa federal la ap chanje **kalifikasyon moun ki pa sitwayen** yo pou yo jwenn kouvèti

MEN SA OU DWE KONNEN



Nouvo règleman federal yo ap **chanje moun ki kalifye pou** NJ FamilyCare/ Medicaid dapre estati imigrasyon yo **apati 1ye oktòb 2026**



NJ FamilyCare/Medicaid **ap kontakte manm aktyèl** ke chanjman sa yo ka afekte



Si ou pa kalifye, ou ka toujou gen lòt opsyon kouvèti, tankou Get Covered New Jersey ak lòt pwogram asirans

Si ou panse ou ka afekte, aji kounye a:

Mete adrès ou ajou lè w vizite
<https://dmahs-nj.my.site.com/addressupdate/>

Verifye lapòs ou pou wè si ou te resevwa yon lèt ki soti nan NJ FamilyCare

Swiv enstriksyon ki nan lèt la san pèdi tan

Pou w jwenn enfòmasyon ki pi ajou sou chanjman federal yo konsènan kalifikasyon moun ki pa sitwayen yo, vizite:

<https://www.nj.gov/humanservices/dmahs/obbba/noncitizen.shtml>



NJ FamilyCare/Medicaid respekte lwa federal sou dwa sivil ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj oswa andikap. Gen sèvis asistans lang ak tradiksyon ki disponib gratis.



State of New Jersey
Mikie Sherrill, Gouvènè
Doktè Dale G. Caldwell,
Lyetnan Gouvènè



NEW JERSEY
HUMAN SERVICES
Depatman Sèvis Sosyal
Stephen Cha, Komisè

NJ FAMILYCARE
Affordable health coverage. Quality care.